

Evènman Konsènan Lafimen Dife nan Forè

Chanjman klimatik la lakòz ogmantasyon sechrès, gwo chalè, epi lakòz bèt nuizib fè dega nan forè Amerik di Nò yo, sa ki anjandre dife ki pi grav nan forè yo. Lafimen dife ki pran nan forè yo, menm sou plizyè milye kilomèt distans, kapab lakòz yon move kalite lè nan Massachusetts.

Move kalite lè sa a kapab fè alèji yo vin pi grav epi lakòz enfeksyon respiratwa, espesyalman pou moun ki gen maladi kè, opresyon, ak lòt maladi nan poumon.

Ki moun ki gen pi gwo risk?

Gen kèk moun ki ka gen plis risk pandan yon peryòd lafimen dife nan forè akòz kote yo abite a, aksè yo genyen ak enfòmasyon ofisyèl gouvènman an, disponibilite resous pou yo prepare tèt yo epi pou reyaji fas ak sa, epi si yo deja gen pwoblèm sante. Moun sa yo se:

- Timoun ki poko gen 5 lane ak moun ki gen plis pase 65 lane
- Moun ki ansent
- Moun ki pa blan akòz rasis sistematik
- Moun ki pa twò pale anglè oubyen ki pa pale l ditou epi ki riske pa resevwa mesaj ijans yo nan lang matènèl yo
- Moun ki gen andikap
- Moun ki soufri maladi ki deja egziste tankou maladi kè, opresyon, maladi nan poumon ak alèji respiratwa.
- Moun k ap travay oubyen fè espò deyò

Kisa nou ka fè nan ka sa?

- Pale avèk doktè ou a sou itilizasyon medikaman kont opresyon pandan yon peryòd lafimen dife nan forè
- [Rete okouran de enfòmasyon sou kalite lè lokal la ak alèt sou kalite lè yo nan kominote w la](#)
- Planifye deplase aktivite deyò yo anndan kay pandan peryòd lafimen dife nan forè yo
- Fèmen fenèt yo ak ouvèti pou lè rantre nan kay yo ak machin yo pandan peryòd lafimen dife nan forè yo
- Sèvi ak aparèy pou filtre lè ki gen gwo kapasite (HEPA) nan sistèm chofaj ak refwadisman
- [Aprann kòman pou w kreye yon pyès ki gen bon lè lakay ou pandan w ap itilize yon vantilatè bwat](#)
- Fè yon rezèv Mas N95, aprann kijan pou w itilize yo epi antrene tèt ou nan fè pitit ou a mete ti Mas N95 oswa mas chirijikal.

W ap jwenn plis enfòmasyon sou: [**www.mass.gov/ClimateAndHealth**](http://www.mass.gov/ClimateAndHealth)

**Bureau of Climate and Environmental Health
Environmental Toxicology Program
Massachusetts Department of Public Health
250 Washington Street, Boston, MA 02108**

Telefòn: 617-624-5757

DPHToxicology@state.ma.us

http://www.mass.gov/dph/environmental_health